



Pou Piblikasyon Imedya: 13/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO TEKNOLOJI AK POLITIK
POU EDE TRAVAYÈ YO FAS AK REVOKASYON YO**

*Nouvo Pòtay Lwa WARN lan pral ede anplwayè yo ranpli avi
revokasyon atravè yon pwosesis ki pi rapid, pi senplifye*

NYSDOL ap ranfòse politik yo pou klarifye egzijans Lwa WARN lan pou biznis yo

*Li fè pati plan enplemantasyon teknoloji sou 4 ane Depatman Travay Eta New
York la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plan pou lanse nouvo Pòtay Lwa sou Avi pou Ajisteman ak Resiklaj Travayè (Worker Adjustment and Retraining Notification Act Portal, WARN Act Portal) - ki se dènye etap enpòtan nan plan [modènizasyon teknoloji sou plizyè ane](#) Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor, NYSDOL) la. Zouti an liy ki modènize sa a pral bay biznis yo kapasite pou yo ranpli avi revokasyon yo nan yon fason pi rapid, pi senplifye epi li pral bay travayè yo plis tan pou yo tranzisyon pou ale nan nouvo travay. Nouvo sistèm nan pral ede NYSDOL ede pi rapid anplwaye yo revoke yo tou, nan konekte yo ak sèvis sipò ak resous ki gen ladan nouvo opòtinite travay ak fòmasyon. Gouvènè a te anonse tou chanjman nan politik Lwa WARN Eta a pou abòde klima travay apre pandemik an epi ede asire konfòmite ak [Lwa WARN Eta New York la](#)

"Nouvo pòtay Lwa WARN sa a ak amelyorasyon yo nan politiki Lwa WARN yo se mezi ki nesès pou redwi fado administratif pou biznis yo pandan y ap bay Nouyòkè ki nan bezwen sipò konplè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè yo amelyore sistèm ak politik yo nan Depatman Travay la, administrasyon mwen an ap adopte mezi 21èm syèk pou senplifye ak rasyonnalize pwosesis yo, amelyore sèvis kliyan yo, epi pi byen konekte moun ki ap chèche travay nan New York yo ak opòtinite travay ki satisfèzan yo."

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Amelyore eksperyans itilizatè yo se yon pi gwo priyorite pou Depatman an epi adopte solisyon teknolojik yo ap ede nou akonpli misyon sa a. Dènye amelyorasyon sa yo pral ede anplwayè yo enfòme travayè yo sou fèmti ak revokasyon yo. Avètisman bonè yo ede diminye tan ke anplwaye yo ap kolekte avantaj Asirans Chomaj yo, epi kidonk sa ki diminye responsablite anplwayè a ki lye ak revokasyon an. Nou vle asire ke chak anplwaye ki afekte yo gen tout avantaj posib pou asire nouvo karyè rapidman."

Pòtay Lwa WARN amelyore a pral pèmèt anplwayè yo soumèt dokiman, bay lis travayè ki afekte yo, epi voye lòt enfòmasyon enpòtan dirèkteman bay NYSDOL an tan reyèl. Amelyorasyon yo fèt pou ede anplwayè yo nan bay anplwaye ki afekte yo plis tan pou yo fè tranzisyon, chèche nouvo opòtinite travay, oswa antre nan pwogram fòmasyon mendèv pou jwenn nouvo karyè. Yon fwa yo soumèt yon avi Lwa WARN lan, Divizyon Mendèv ak Solisyon Anplwa NYSDOL la ap travay avèk konsèy devlopman mendèv lokal yo, moun ki gen enterè nan kominote a, ak biznis yo pou rapidman konekte travayè ki afekte yo ak nouvo karyè ak opòtinite travay yo. Pòtay la prevwa an fonksyon mwa pwochèn.

Lwa WARN Eta New York la egzije patwon sektè prive ki gen 50 anplwaye aplentan oswa plis pou bay yon avi Lwa WARN nan espas 90 jou anvan fèmti, revokasyon an mas, ak lòt demenajman ak rediksyon ki garanti nan èdtan travay yo.

Pandan pandemi an, NYSDOL te resevwa yon kantite depo avi Lwa WARN san parèy, ki te ogmante soti nan 430 depo ki te afekte 27,858 travayè an 2019 a 2,170 depo ki te afekte 240,001 travayè an 2020.

Politik ki fèk ranfòse yo klarifye kijan travay adistans afekte konfòmite Lwa WARN lan ak senplifye langaj pou asire biznis yo pi byen konprann obligasyon pa yo. Peryòd kòmantè sou politik yo pwopoze a ouvri kounye a, epi yo envite Nouyòkè yo pou pataje kòmantè yo lè yo voye yon imèl nan regulations@labor.ny.gov.

Lanse pòtal WARN Act la se yon pati nan plan modènizasyon estratejik kontinyèl NYSDOL la pou 4 ane pou diminye volim apèl yo, amelyore eksperyans kliyan yo, epi konekte Nouyòkè yo rapidman ak avantaj Asirans Chomaj yo. NYSDOL ap travay kounye a ak Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon Eta New York la pou devlope ak aplike:

- Yon nouvo sant kontak omni-chanèl pou reponn kesyon espesifik sou reklamasyon kliyan yo.
- Yon sistèm jesyon fòm pou pwosesis rapid.
- Yon sistèm intranet amelyore pou amelyore fòmasyon NYSDOL pou amelyore efikasite pwosesis reklamasyon an.
- Yon nouvo sistèm modèn pou ranplase entèfas itilizatè (UI) ki demode a.
- Kreye yon nouvo modèl fonksyonman pou amelyore epi ogmante angajman ajan ak kliyan.

Pou plis enfòmasyon sou WARN lan, li [fich enfòmasyon](#) sou WARN NYSDOL la.

###

Lòt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)